

# 24

fevriye

**Paske, menm Kris, li te soufri pou peche nou yo yon fwa pou tout. Yon moun jis soufri nan plas moun ki pa jis, dekwa pou li te ka mennen nou bay Bondye.** 1 Pyè 3. 18

**Men, kote peche a ogmante, gras la, li menm debòde.** Women 5. 20

## **Mwen te touye yon moun**

Yon moun ki t ap vizite yon prizon rakonte : “M ap toujou sonje nonm sa, ki te di m : m te touye yon moun, sa fè yo te kondane m pou plis pase ven lane. Mwen pran responsablite m, paske mwen gen yon dèt anvè lasosyete. Men lè m a fin peye, dapre jistis lèzòm, kòman m ap parèt devan Bondye ? M plis pè jistis Bondye a, pase jistis lèzòm...”.

Poutèt zak ki pa kab repare sa, konsyans li t ap toumante l, lajounen tankou lannwit. Sa te pran l anpil tan pou l kapab konprann menm zak tèrib sa a kapab jwenn padon. Kòman ? Si li repanti, si li konfese l pandan l vin jwenn Jezi. Paske, “Si nou konfese peche nou yo, kòm li fidèl epi jis, l ap padone peche nou yo epi l ap pirifye nou anba tout sa ki pa jis”. Poukisa ? Paske “san Jezi Kris, Pitit li a, pirifye nou anba tout peche” (1 Jan 1. 7, 9). Eske Bondye pa pran zak sa pou anyen ? Non. Si Li ofri nou padon Li, se paske Li te kondane pitit Li a nan plas nou : “Sila ki pa t konnen peche a, Li fè L tounen peche akòz nou menm. Konsa nan Li nou vin jistis Bondye” (2 Korentyen 5. 21). Jezi te sibi chatiman an, menmjan ak yon asasen. Sila ki apwoche devan Li, jan l ye a, ak konsyans li chaje, va jwenn padon ak lapè.

Petèt ou pa yon asasen, epoutan ou bezwen padon Bondye tou : “Pa gen moun ki jis, pa menm yon sèl... *pa genyen diferans*, paske tout moun fè peche” (Women 3. 10, 23)... E yo tout ka jwenn padon gratis nan Jezi Kris.

# 24 février

**Christ a souffert une fois pour les péchés, le juste pour les injustes, afin de nous amener à Dieu.** 1 Pierre 3. 18

**Là où le péché abondait, la grâce a surabondé.**

Romains 5. 20

## **J'ai tué quelqu'un**

Un visiteur de prison raconte : “Je me rappellerai toujours cet homme qui m’a dit : J’ai tué quelqu’un, j’en ai pris pour vingt ans. J’assume, parce que j’ai une dette envers la société. Mais quand j’aurai payé selon la justice des hommes, comment est-ce que je me présenterai devant Dieu ? Je crains plus la justice de Dieu que celle des hommes...”

À cause de ce geste irréparable, sa conscience le tourmentait jour et nuit. Il lui a fallu des mois pour comprendre que même cet acte terrible pouvait lui être pardonné. Comment ? S’il se repentait, s’il le confessait en se tournant vers Jésus. En effet, “si nous confessons nos péchés, Dieu est fidèle et juste pour nous pardonner nos péchés et nous purifier de toute iniquité”. Pourquoi ? Parce que “le sang de Jésus Christ son Fils nous purifie de tout péché” (1 Jean 1. 7, 9). Est-ce que Dieu passe à la légère sur un tel acte ? Non. S’il nous offre le pardon, c’est parce que son Fils a été condamné à notre place : “Celui qui n’a pas connu le péché, il l’a fait péché pour nous, afin que nous devenions justice de Dieu en lui” (2 Corinthiens 5. 21). Jésus a subi le châtement, même celui d’un meurtrier. Celui qui s’approche de lui, tel qu’il est, avec sa conscience chargée, recevra le pardon et la paix.

Vous n’êtes probablement pas un meurtrier, pourtant vous avez aussi besoin du pardon de Dieu : “Il n’y a pas de juste, non pas même un seul... Il n’y a *pas de différence*, car tous ont péché” (Romains 3. 10, 23)... Et tous peuvent être pardonnés gratuitement par Jésus Christ.